

# 2021-2022 Pogram lekòl pou egzamen je ak egzamen pou linèt

6 a 9 SEMÈN POU YON SÈVIS KI PI RAPID EPI KI AN SEKIRITE RANPLI APLIKASYON AN PA TELEFÒN NAN SIT SA A:

[WWW.FLORIDAHEIKEN.ORG](http://WWW.FLORIDAHEIKEN.ORG)

<b>HEIKEN PORTAL INFO (For School/Screening Personnel Use Only):</b> County: _____ Teacher _____ Referring school or agency: _____ Private must list scholarship: _____ Vision Screening: <b>PASS / REFER</b> screening date: _____	<b>For Heiken Use Only:</b> Acct #: _____ Status: _____ Auth. Date: _____ Ins: _____	Date Entered: _____
---	--	------------------------

Non lekòl la (Konplè) \_\_\_\_\_ Klas \_\_\_\_\_ No. I.D. elèv la \_\_\_\_\_ Gason  Fi

Non elèv la \_\_\_\_\_ Dat elèv la fêt (Mwa/Jou/Ane) \_\_\_\_\_

Adrès li \_\_\_\_\_ Apatman \_\_\_\_\_ Vil \_\_\_\_\_ Zipkòd \_\_\_\_\_

Telefòn selilè \_\_\_\_\_ Nimewo pou kontakte paran an lajounen \_\_\_\_\_

Non paran oswa moun ki responsab la (karaktè enprimri) \_\_\_\_\_ Imel \_\_\_\_\_

Konbyen moun ki rete nan kay la \_\_\_\_\_ Konbyen kob ou fè pa ane? \$ \_\_\_\_\_ .00 Pa ane

Gwooup etnik: Ameriken nwa  Aziyatik  Panyòl  Endyen natif yo  Blan (ki pa panyòl)  Ayisyen  Lòt ras

Lang moun nan pale: Angle  Panyòl  Kreyòl  Pòtigè  Lòt lang

Èske pitit ou a janm soufri ak youn nan maladi sa yo: \_\_\_\_\_ Èske fanmi pitit ou a janm gen youn nan maladi sa yo: \_\_\_\_\_

WI NON

- Fè egzamen zye ane pase
- Pote linèt
- Operasyon je / Chòk nan je oubyen move kondisyon je
- Terapi pou Je
- Tèt fè mal
- Gloukòm
- Dyabèt
- Anemi
- Opresyon
- Alèji: \_\_\_\_\_
- Medikaman oswa konngout pou net nan je: \_\_\_\_\_
- Andikap/Reta nan devlopman? \_\_\_\_\_
- Bezwen èd (èd yon entèprèt, èd moun ki pale an siy, èd vizyèl, chèz woulant, Bray)



- Je vire / Je lou
- Avèg
- Pèt vizyon
- Gloukòm
- Tansyon
- Anemi
- Lòt maladi

## Nenpòt moun nan fanmi an te gen

### COVID-19 – nan 2 semèn ki sot pase yo

- Lafyèv, Tous, Gòj fèmal
- Pa kab pran odè/bouch san gou
- Te an kontak ak moun ki gen COVID-19
- Te vwayaje kite peyi Etazini
- Èske pitit ou a al lekòl sou konpitè kounye a?

Ba nou yon esplikasyon pou chak fwa ou reponn "WI" nan kesyon anwo yo: \_\_\_\_\_

**Fòm konsantman pou egzamen je:** - Lè m siyen fòm sa a a vle di mwén otorize Florida Heiken Children's Vision Program (FHCVP) bay pitit mwén an tout tretman ki nesesè pou egzamen je, swa nan lekòl la nan yon klinik mobil oubyen nan biwo ajans k ap patisipe nan Pogram nan.

**Avi pou pwoteksyon vi prive pasyan** -Siyen mwén siyen anba a, sa vle di mwén okouran Avi sou pratik nou nan kesyon vi prive moun nan FHCVP disponib pou mwén kab li yo si m ta mande yon kopí pa telefòn nan (305) 856-9830 oubyen nan 1(888) 996-9847, epi ap gen kamera pou sekirite k ap anrejistre tout sa k ap pase nan inite mobil yo tout tan.

**Echanj enfòmasyon youn ak lòt** – Siyen mwén siyen fòm sa a, sa vle di mwén otorize pataj enfòmasyon pitit mwén ant òganizasyon FHCVP yo, ak kote ki finanse òganizasyon sa yo, ak Depatman Sante nan Eta Florid pou lè y ap fè odit, Biwo Lekòl Leta nan zòn mwén an, ak tout lòt kote k ap prepare rapò konsènan swen je pitit mwén an, pou yo kab detémène ki pi bon tretman pou yo fè pou li. Mwen otorize lekòl Leta pitit mwén an tou pou l bay nenpòt enfòmasyon ki kab manke oubyen ki kab pa fin klé pandan posesis aplikasyon an. Mwen okouran FHCVP oubyen kote ki ap sibvansyone l yo ouswa lòt antite k ap patisipe nan Pogram nan kapab kontakte mwén pou m bay opinyon m konsènan sèvis pitit mwén an resevwa, san yo pa bezwen konn non m, men mwén gen dwa refize tou si yo kontakte m. \*Mwen/Nou konnen enfeksyon COVID-19 ka fè moun malad, kab fè moun pran kabann pou lontan, oubyen lakòz lanmò epi malgre mwén konn sa mwén pran chans mwén epi mwén wete tout responsabilite oubyen demach pou pwosè sou do Komisyón Lekòl Leta nan Kontri a epi sou do FHCVP oswa nenpòt nan doktè l yo oswa anplwaye li yo sizoka pitit mwén, oubyen yon moun li rankontre pandan li nan lokal sa yo, ta vin gen rezulta pozitif oubyen ta swadizan pozitif pou virus COVID-19 la oubyen an ka gen okenn aksidans oswa erè ki ta fêt akòz patisipasyon pitit mwén nan Pogram FHCVP a.

**WI □ NON □** Mwen dakò pou FHCVP pran foto pitit mwén pou kesyon relasyon publik epi mwén refize tout dwa mwén genyen pou m ta jwenn foto yo kit kounye a kit nan lavni.

**WI □ NON □ Mesaj tèks:** Mwen dakò resevwa tèks oswa imel yon sistèm otomatik va voye ban mwén. M ap gen pou m peye lè m resevwa mesaj tèks oswa dosye elektwonik.

**SIYATI MOUN KI RESPONSAB TIMOUN (Obligatwa)** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

**Otorizasyon pou yo sèvi ak asirans medikal timoun nan** — Si yo aksepte asirans medikal pitit mwén an epi yo kab konsilte l nan inite mobil la (sèlman), mwén otorize Pogram pou je Timoun Florida Heiken nan pou li itilize asirans medikal pitit la pou yon egzamen total, kote y ap dilate je li, epi ba li linèt, si yo preskri l sa (sa ap enkli ni monti ni antiy, ak lòt akseswa). Mwen okouran y ap sèvi ak asirans pitit mwén an pou sa.

**SIYATI (Otorizasyon pou yo itilize asirans medikal la)** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

Pwogram pou je Timoun Florida Heiken nan se yon òganizasyon ki anplwaye moun selon kalifikasyon li e li pa fè okenn diskriminasyon sou baz ras moun, koulè moun, reliyon moun, zansèt moun nan, laj li, si l se gason si li se fi, si l marye si l pa marye, dezabilite li oubyen si li te militè ou pa. Dènye pase men: 4/23/2021

Si w gen lòt kesyon, silvouplè telephone nan: 1-888-996-9847.

**Lekòl/Ajans: Faks fòm ou konplete ak yon paj kouvèti Heiken nan nimewo sa yo (305)856-9840 / 1(888)980-8474**

## Aktivite Andeyò Orè Lekòl: Florida Heiken Children's Vision Program

Non Paran/Gadyen: \_\_\_\_\_

Non Timoun ki Ap Patisipe a(yo): \_\_\_\_\_

Mwen vle patisipe oubyen pèmèt pitit mwen (Patisipan nan Aktivite) a patisipe nan youn oubyen plis aktivite volontè andeyò orè lekòl ki fèt sou kanpous Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid ("Komisyon Konsèy Lekòl"). Mwen rekonèt nouvo 'coronavirus' yo rele COVID-19 la, yo deklare li kòm yon pandemi, yo kwe li kontajye e moun ka transmet li bay moun, nan zon tankou Miami-Dade County. Anplis, mwen rekonèt ajans federal, eta ak lokal yo rekòmande distans sosyal ak lòt mezi pou fè prevansyon kont pwopagasyon COVID-19 la.

Komisyon Konsèy Lekòl la ap gen òganizasyon ("Òganizasyon") endependan ki ap òganize kèk aktivite andeyò orè lekòl, tankou kan ete, sou kanpous li yo, kòmanse nan Ete 2020 an e yo ap kontinye nan ane lekòl 2020-2021 an. Mwen konprann si mwen menm oubyen pitit mwen chwazi patisipe nan aktivite Òganizasyon sa yo, (yo rele "Aktivite"), yo ap kontwole, organize, kontrakte, ofri pesonel pou Aktivite a endependamman de Kornisyon Konsèy Lekòl la, e yo ap fè li selon pwotokòl sekirite Òganizasyon yo, yo jije ki apwopriye selon sikostans moman an, ki kapab chanje. Mwen konprann Komisyon Konsèy Lekòl la pap responsab pou enplemantasyon, siphèvizon, oubyen enfòmasyon pou Patisipan nan Aktivite a konsènan pwotokòl sekirite Òganizasyon sa a, e se responsablite pa rowen sèlman, ansanm ak Patisipan nan Aktivite a, pou n suiv tout pwotokòl sekirite eta, federal, ak lokal yo, ansanm ak pwotokòl Òganizasyon an ofri.

Nan yon efò pou asire sekirite ak byennèt kominate lekòl nou an, mwen konprann enpòtans Patisipan nan Aktivite yo, tankou pitit mwen yo, pou yo ansante e ansekirite pandan y ap patisipe nan Aktivite a. Nan siyen anba a, mwen dakò mwen ap:

- Tcheke tanperati pitit mwen chak jou pou fè depistaj lafyèv avan yo rive nan Aktivite a. Yo defini lafyèv kòm yon tanperati kidepase 100.4 F oubyen 38.0 C. Si pitit mwen gen lafyèv, mwen pap pèmèt li patisipe nan Aktivite a jiskaske lafyèv la tonbe pou omwen 72 èdtan.
- Fè yon enspeksyon vizyèl sou pitit mwen pou detekte siy maladi tankou: lafyèv oubyen frison, grip, souf kout oubyen difikilite pou respire, fatig, doulè nan rnišk oubyen nan kò, tèt fè mal, nouvo pèt gou oubyen abilité pou pran sant, goj fe mal, nen bouche oubyen nen koule, noze oubyen vomisroan, dyare, woujisman nan vizaj, respirasyon rapid oubyen difikilite pou respire (san ou pa sot fè okenn aktivite), fatig, oubyen ajitasyon ekstrèm. Si pitit mwen prezante youn nan siy oubyen sentòm sa yo, mwen pap pèmèt li patisipe nan Aktivite a jiskaske li pa gen okenn siy oubyen sentòm pou omwen 72 èdtan.
- Konfime pitit mwen, avan e pandan y ap patisipe nan Aktivite a, pa t teste pozitif pandan 14 dènye jou yo, lipa gen rezulta egzamen I ap tann baze sou dyagnostik oubyen ka sispek COVID-19, e nan espas 14 jou li pa t retounen sot nan yon zòn ki nan lis CDC sou Notifikasyon Sante Nivo 3 pou Moun k Ap Vwayaje.
- Konfime pitit mwen, avan e pandan y ap patisipe nan Aktivite a, pa t an kontak avèk yon moun ki te oubyen teste pozitif pou COVID-19 nan 14 dènye jou yo, ap tann baze sou dyagnostik oubyen ka sispek COVID-19, e nan espas 14 jou li pa t retounen sot nan yon zòn ki trè afekte e ki nan lis CDC sou Notifikasyon Sante Nivo 3 pou Moun k Ap Vwayaje. Si pitit mwen te an kontak avek yon moun, ki gen ladan moun ki nan menm kay la, mwen pap pèmèt 1 i patisipe nan Aktivite a jiskaske 14 jou fin pase depi lè kontak la te fèt.
- Rapidman al chèche pitit mwen, oubyen fè aranjman pou yon moun vin chèche li, si li prezante siy oubyen sentòm maladi a. Mwen konprann pitit rowen dwe rete lakay jiskaske li pa roalad pou omwen 72 èdtan san li pa pran medikaman.

Nan siyen dokiman sa a, rowen rekonèt e mwen konfime tout deklarasyon kianwo yo. Mwen konprann tou pitit mwen kapab ekspoze oubyen enfekte ak COVID-19 yon fason lipa ka evite akoz li ap patisipe nan Aktivite a, e lefètke li ekspoze oubyen li enfekte, sa ka lakozi blesi pèsonèl, maladi e/oubyen lanmo. Mwen konprann risk pou pitit mwen ekspoze oubyen enfekte kapab se rezulta aksyon, omision, oubyen negligians mwen menm, pitit mwen oubyen Òganizasyon sa yo anplwaye Komisyon Konsèy Lekòl la, volontè, oubyen ajan, lòt patisipan nan Aktivite a, oubyen lòt moun ki pa nan lis la, e mwen rekonèt rowen okouran risk sa yo egziste.

Lè mwen konsidere pitit mwen kapab patisipe nan Aktivite a, mwen menm, nan non pa mwen e nan non pitit mwen, ansanm ak nepòt moun ki gen dwa pou l aji nan non mwen, nan dokiman sa a, mwen volontèman e kosityamman dispans, libere e mwen dechaje Komisyon Konsèy Lekòl la pou toutan de tout reklamasyon, pousoit nan lajistis, responsablite, aksyon, jijman, frè avoka, frè, ak nepòt depans sou kélkeswa fom nan ki ka soti nan blesi oubyen domaj, baze sou responsablite ou non, mwen menm e/oubyen pitit mwen, representant mwen oubyen reprezentant yo, viktim pandan oubyen anrapò ak patisipasyon oubyen enplikasyon pitit mwen nan aktivite a.

Si yo detèmine Dispans, Liberasyon, Dechajman Responsablite sa a oubyen kélkeswa pòsyon ki ladan envalid oubyen inaplikab pou kélkeswa rezon an, pwovizyon kirete nan Dispans, Liberasyon, Dechajman Responsablite sa a, ansanm ak kélkeswa lòt akò konsènan patisipasyon rowen menm oubyen pitit mwen nan Aktivite sa a, pa ta dwe afekte e yo ta dwe kenbe tout fòs ak efè yo.

Siyati Paran/Gadyen

Siyati Patisipan nan Aktivite a

Enprime Non Paran/Gadyen

Enprime Non Patisipan nan Aktivite a

Dat Siyati a

Dat Siyati a

# ENSKRI POU KONSILTASYON JE EPI POU LINÈT GRATIS POU TIMOUN

Se yon sit ki aksesib sou entènèt nan nenpòt esmat fonn / tablèt / òdinatè  
Angle / Panyòl / Kreyòl / Pòtigè

**PARAN ENSKRI KOUNYE A!**  
**www.floridaheiken.org**



- Elèv nan Eta Florid la
- Pre-matènèl rive nan fen klas segondè
- Ou kab enskri chak ane

## SÈVI AK PÒTAY HEIKEN NAN

- Konfidansyèl
- An sekirite



Yo kenbe tout enfòmasyon etidyan konfidansyèl epi yo pa pataje enfòmasyon sa yo ak okenn lòt kote.

Yon pati finansman seksyon sa a soti nan:



HEALTH FOUNDATION  
of south florida

